



Manm Asanble

# Alicia L. Hyndman

**RAPO POU PEP LA**

232-06A Merrick Boulevard • Springfield Gardens, New York 11413 • 718-723-5412  
Room 820 • Legislative Office Building • Albany, New York 12248 • 518-455-4451 • hyndmana@nyassembly.gov

*Chè Vwazen,*

*Chak moun merite yon plas kote yo rele lakay yo. Youn nan demand nou resevwa pi souvan nan biwo mwen, se pou lojman bon mache e se pa yon bagay nou gade an rezèv. Alò, ke ou se yon pwopriyete, yon lokatè, oubyen yon pwopriyete tè, nou espere w ap itilize enfòmasyon ki nan bilten enfòmasyon sa nan avantaj ou.*

Alicia Hyndman  
Manm Asanble 29yèm Distri



*Ofisyèl ki eli ak ofisyèl sektè imobilye yo onore nan yon seremoni rekonpans ki selebre kontribisyon ki fèt pou pwogrè lojman bon mache yo. (Jiyè, 2018)*

## Sèvis Lojman Katye Jamaica

Sèvis Lojman Katye Jamaica (NHSJ: Neighborhood Housing Services of Jamaica) se yon Ajans Konsèy Lojman Sètifye, Devlopman Lojman ak Devlopman Iben an (HUD: Housing and Urban Development). Pwogram Konsèy Lojman HUD a anseye prensip jesyon lajan debaz pou konsomatè yo, pou ede yo ogmante revni ak ekonomi yo; amelyore kondisyon lojman yo, epi ba yo pi gwo estabilite ak konfyans.

Sèvis ak Pwogram NHSJ a bay:

- Èd pou vin Pwopriyete
- Pwogram Reyabilitasyon ak Lwaye
- Pwogram Konplè pou Prevansyon kont Degèpisman
- Konsèvasyon Pwopriyete
- Ankadreman Finansye
- Jesyon Dosye Rekiperasyon apre Siklòn ak Katastwòf

**Pwogram Èd Enèji pou Kay**

**(HEAP: Home Energy Assistance Program)**

<https://www1.nyc.gov/site/hra/help/energy-assistance.page>

**Pwogram Èd Sèvis Piblik**

<https://www1.nyc.gov/site/hra/help/energy-assistance.page>



*Y ap koupe riban ofisyèlman pou pwojè lojman 100% bon mache nan Jamaica, Arker Companies ak Slate Property Groups, NHJS Bon mache a 100% pa ta dwe ra nan okenn kominote. An nou kontinye pouse devlopman lojman, lwaye, ak konstriksyon ki responsab nan kominote Queens yo!*

# Konnen Dwa Ou

## Nouvo pwoteksyon pou tout lokatè yo genyen ladan yo:

- **Avi Ogmantasyon Lwaye** – Pwopriyetè yo oblije bay avi a lokatè yo si yo gen entansyon ogmante lwaye a plis pase senk pousan oubyen si yo gen entansyon pou renouvle kontra a.
- **Ekspilasyon Ilegal** – Gen ekspilasyon ilegal ki fèt lè yon pwopriyetè ekspilse oubyen eseye ekspilse yon lokatè san yon manda ekspilasyon oubyen lòt manda tribinal. Ekspilasyon ilegal kounye a se yon deli ki pini pa amand penalite sivil \$1,000-\$10,000 pou chak vyolasyon.
- **Manda Ekspilasyon ak Sispansyon Manda** – Apre yon jijman fin fèt nan Tribinal Lojman an, yon jij ap emèt yon manda ki endike jou kote yon jandam vil la ka egzekite yon manda ekspilasyon. Kounye a, jandam nan dwe bay yon avi 14 jou pou lokatè a anvan egzekisyon manda ekspilasyon an. Tribinal la ka sispann emisyon yon manda pou plis pase yon lane.
- **Anilasyon Ekspilasyon** – Yo ekspilse anpil lokatè paske yo pa peye lwaye a. Chanjman nan lwa a rann li pi fasil pou fanmi yo anile desizyon ekspilasyon paske yo pa peye lwaye si yo an mezi pou vini ak lajan an anvan jandam vil la rive.
- **Frè Aplikasyon pou Apatman** – Frè aplikasyon pou yon apatman limite a frè pou verifye pou verifikasyon antesedan, ak verifikasyon kredi, e kounye a li pa ka depase \$20. Limit \$20 ki aplike pou koutye imobilye ki gen lisans ak vandè ki aji kòm yon ajan pwopriyetè, lokatè, sou-lokatè oubyen konsedan.
- **Frè pou Reta** – Yo ka chaje frè pou reta si yo resevwa lwaye a plis pase senk jou apre dat pèman ki etabli nan kontra a, e li pa ka depase \$50 oubyen 5 pousan lwaye a, nenpòt sa ki piti.

## Nouvo pwoteksyon pou lwaye ki règlemante lokatè yo genyen ladan yo:

- **Eliminasyon Kontwòl Lwaye** – Pwopriyetè yo pa ka retire ankò yon inite ki gen restriksyon lwaye apre inite a te vid, si lwaye a rive nan yon sèten limit pri. Anvan, pwopriyetè yo te ka retire restriksyon inite yo epi chaje lokatè k ap antre yo tarif mache a, depi inite a te vin vid, si montan lwaye a te rive nan \$2,774.76.
- **Eliminasyon Bonis pou Kay Vid** – Anvan dat 14 jwen 2019, yo te akòde pwopriyetè apatman ki gen restriksyon lwaye yo, yon bonis jiska 20% sou montan lwaye « legal » la ant lwaye yo. Kounye a, yo elimine bonis sa.
- **Ogmantasyon Lwaye yo Baze sou Lwaye Aktyèl Ou Peye a** – Kounye a, lwaye a ogmante nan kèk eksepsyon ra – ke Konsèy Gid Lwaye a fikse aktyèlman a 1.5% pou yon ane lwaye ak 2.5% pou de ane lwaye – ki dwe baze sou lwaye preferansyèl la.
- **Limit sou Kantite Pwopriyetè yo ka Chaje Lokatè yo pou Amelyorasyon Konstriksyon** – Nouvo lwa yo limite nan fason ki enpòtan ogmantasyon lwaye yo ka chaje pou Gwo Amelyorasyon Kapital (MCI: Major Capital Improvements) ak Amelyorasyon Endividyèl Apatman yo (IAI: Individual Apartment Improvements). Egzanp MCI yo genyen ladan yo, nouvo chofaj ak nouvo twati. Egzanp IAI yo genyen ladan yo renovasyon twalèt oubyen kizin.

Sa yo se sèlman kèk nan chanjman kle nan nouvo lwa sou lwaye yo. Pou aprann plis: vizite Divizyon Lojman ak Renovasyon Kominotè Eta New York (DHCR; New York State Division of Housing and Community Renewal) oubyen [NYC.gov/tenantprotection](http://NYC.gov/tenantprotection).

Lokatè ki viktim asèlman nan men pwopriyetè yo ka depoze yon plent lè li rele nan 311. Lokatè lwaye yo gen restriksyon yo ka depoze yon plent tou nan DHCR. Pou aprann plis sou fason pou repòte asèlman kont lokatè, lokatè yo ka vizite paj resous yo sou [NYC.gov/tenantprotection](http://NYC.gov/tenantprotection).



*Inogirasyon Apatman Archer Green yo nan Jamaïca. Seremoni an te genyen ladan l Prezidan Minisipalite Queens la, Melinda Katz, Manm Asanble Alicia Hyndman, Senatè Eta a, Leroy Comrie, ansyen jwè foutbòl New York, Mo Vaughn, pami lòt. (Septanm 2018)*

# Èd ak Pwogram Lwaye

Konpleman Prevansyon Sanzabri ak Ekspilsyon Vil la (CityFHEPS: City Family Homelessness & Eviction Prevention Supplement): Konpleman Prevansyon Sanzabri ak Ekspilsyon Vil la se yon pwogram èd lojman Vil la ki ka ede w jwenn epi kenbe lojman bon mache. Li disponib kounye a pou moun New York k ap fè fas ak ekspilsyon oubyen ki kalifye pou abri. Kalifikasyon pou CityFHEPS depann de revni ou, sitiyouon lojman, ak lòt kritè. Si ou p ap viv nan abri, ale nan Homepage oubyen biwo Pwogram Èd Lojman (HAP: Housing Assistance Program) ki pi pre w la pou konnen si ou kalifye. Si w ap viv nan abri, pale ak espesyalis lojman w lan de CityFHEPS. **Pou aprann plis, ale sou [nyc.gov/dsshousing](https://www1.nyc.gov/dsshousing)**

Konpleman Prevansyon Sanzabri ak Ekspilsyon (FHEPS : Family Homelessness & Eviction Prevention Supplement): Konpleman Prevansyon Sanzabri ak Ekspilsyon an se yon konpleman lwaye Eta a pou fanmi ki gen timoun ki resevwa èd lajan kach e yo te ekspilse oubyen k ap fè fas ak ekspilsyon, ki pèdi lojman yo akoz yon sitiyouon vyolans domestik, oubyen ki te pèdi lojman yo akoz sante oubyen pwoblèm sekirite. **Pou aprann plis, ale sou [nyc.gov/dsshousing](https://www1.nyc.gov/dsshousing)**

Èd Espesyal pou Yon Fwa (SOTA: Special One Time Assistance)-<https://www1.nyc.gov/site/hra/help/sota.page> - Pwogram SOTA a bay yon avans lwaye yon lane konplè pou kliyan Depatman Sèvis pou Sanzabri ki kalifye pou demenaje nan Vil New York, ale nan lòt konte Eta New York oubyen nan yon lòt eta, Pòtoriko oubyen Washington, DC. Moun k ap travay ak fanmi ak sila yo ki resevwa SSI, SSD, elatriye, ka jwenn aksè nan SOTA, depi gen kapasite alavni pou fè pèman lwaye yo ki baze sou lwaye fanmi an ki pa depase 50% revni fanmi an.

Administrasyon Sèvis VIH/SIDA (HASA: HIV/AIDS Services Administration): Administrasyon Sèvis VIH/SIDA a ede moun ki gen VIH oubyen SIDA yo viv pi an sante, genyen lavi ki pi endepandan. Pwogram nan ka ede kliyan ki genyen plan sèvis endividyèl yo, sible benefis ki nesèsè epi bay sipò ki presi pou sitiyouon medikal yo e k ap amelyore byennèt yo. Kliyan HASA yo resevwa jesyon ka san rete e yo atribye yon travayè sosyal pou yo nan youn nan sant HASA yo, ki sitiye nan tout 5 minisipalite yo.

Sèvis HASA yo genyen ladan yo jesyon ak èd pou ka entansif nan aplikasyon pou benefis ak sèvis piblik, ki enkli:

- Lojman tranzisyon ijans
- Lojman ki pa ijan
- Medicaid
- Benefis Pwogram Èd Nitrisyon Sipleman (SNAP: Supplemental Nutrition Assistance Program)
- Èd Lajan Kach
- Èd Lwaye
- Swen kay ak sèvis fè menaj
- Sante mantal ak depistaj izaj dwòg ak rekòmandasyon trètman
- Sèvis travay ak pwofesyon
- Èd transpò
- Aplikasyon ak apèl kont SSI oswa SSD

**Aplikasyon pou HASA:** Pou etabli kalifikasyon, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo dwe te dyagnostike yon aplikasyon, nenpòt lè, ke li genyen VIH oubyen SIDA.

Lwa sou Diskriminasyon Sous Revni: Diskriminasyon sous revni fèt lè yon koutye oubyen pwopriyetè dekouraje oubyen refize lwe ou yon apatman paske ou resevwa èd gouvènman pou peye lwaye. Lwa sou diskriminasyon sous revni an pwoteje ou pandan rechèch apatman w lan. Yon pwopriyetè pa ka refize lwe ou yon apatman e yon koutye pa ka refize travay avèk ou paske w ap peye lwaye ou ak èd gouvènman an, ki genyen ladan l pwogram asistans lwaye tankou CityFHEPS, FHEPS, HASA, Atik 8 oubyen èd lajan kach. Lwa sa rann li ilegal pou koutye ak / oswa pwopriyetè yo itilize èd gouvènman an kòm yon rezon pou refize w.

Administrasyon Resous Imèn Vil NY (HRA: Human Resources Administration) Administrasyon Resous Imèn Vil NY la bay sèvis swivi atravè pwogram Homepage la pou moun ak fanmi k ap reloje soti nan sistèm abri DHS ak HRA yo, ki genyen èd lwaye oubyen k ap antre nan yon pwogram èd lwaye Vil la nan kominote a.

Sèvis yo bay yo reponn a bezwen presi fanmi ak moun k ap itilize yon modèl livrezon sèvis jesyon ka entegral epi konplè, nan objektif pou bay chak fanmi sipò ki nesèsè apati moman kontra lwaye a siyen jiska apre demenajman an; pou asire yon tranzisyon ki fasil nan nouvo kominote yo a.

Homepage bay sèvis jesyon ka ak sèvis konplè ki enkli rekòmandasyon pou resous ak enfòmasyon ki genyen ladan yo sèvis legal ak lòt sipò nan kominote a. Homepage devlope yon plan sèvis ak fanmi oubyen moun nan ki enkli objektif akoutèm ak objektif alontèm epi konekte yo ak rekòmandasyon sèvis nan kominote a. Sèvis yo ka genyen ladan yo men yo pa limite a sa:

- Kominike klèman wòl ak responsablite lokatè yo konsènan kontra, lwaye ak kominikasyon ak pwopriyetè a
- Kominikasyon konsènan kalifikasyon pou èd lwaye; ki enkli koutye, pwopriyetè ak founisè
- Abitye lokatè yo ak nouvo katye yo
- Familyarize lokatè yo ak transpò, lopital, lekòl, gadri, ak lòt sèvis ki tou pre
- Familyarize lokatè yo ak resous kominote nan katye yo
- Konekte lokatè yo ak Responsabilizasyon ak Dirabilite Ekonomik Rezidan pou pwogrè ekonomik ak edikatif
- Preparasyon pou travay ak pwogrè
- Edikasyon finansye
- Depistaj benefis
- Sèvis Legal

## Èd Lwaye Ijans

Ou ka kalifye pou yon sibvansyon lajan kach ijans si l ap reponn ak kèk bezwen espesyal. Pa egzanp:

- Aryere lwaye ki ta ka prevni ekspilsyon
- Pèman ki nesèsè pou kenbe oubyen restore sèvis piblik la (yo)
- Si ou dwe demenaje, ou dwe kalifye pou èd ak depans pou demenaje yo, fich depo sekirite, frè koutye, oubyen estokaj tanporè pou founiti ak byen pèsònèl

**Pou plis enfòmasyon, tanpri, kontakte Liy Enfòmasyon HRA a nan 718-557-1399.**

## Zouti ak Lyen Itil

### Housing Connect:

<https://a806-housingconnect.nyc.gov/nyclottery/lottery.html>

NYC Housing Connect se pòtal pou chèche epi aplike pou opòtinite lojman bon mache nan Vil New York. Sou sit la, ou ka:

- Aprann kijan pou aplike pou lojman bon mache nan Vil New York.
- Gade opòtinite lojman kounye a ak sa k ap vini.
- Kòmanse, sovgade, epi ranpli yon aplikasyon pou lojman w lan.
- Aplike pou opsyon lojman ke ou ka kalifye pou li a.

*Depi ou enskri pou Housing Connect li enpòtan pou konekte chak semèn pou nouvo anons ki ajoute epi konekte pou chak nouvo anons.*

### Housing Development Corporation:

<http://www.nychdc.com/pages/Income-Eligibility.html>

Housing Development Corporation (HDC) Vil NY chèche ogmante egzistans lojman plizyè fanmi, estimile kwasans ekonomik epi revitalize katye yo lè li finanse kreyasyon ak konsèvasyon lojman bon mache pou moun New York ki genyen ti revni, revni modere ak mwayen yo. Gid Kalifikasyon Revni yo baze sou fason Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (HUD: Housing and Urban Development) kalkile Revni Mwayen Zòn (AMI: rea Median Income) reyon Vil New York la. Gid revni yo kalkile chak ane alòs yo gen posiblite pou chanje sou yon baz anyèl. **AMI pou 2019 la se \$106,700 pou yon fanmi kat.**

New York State Assembly, Albany, New York 12248



*Manm Asanble*  
**Alicia L.  
Hyndman**

**REPORTS TO THE PEOPLE /  
RAPÒ POU PÈP LA**

**Fall 2019 / Otòn 2019**

## Èd Enfrastrikti Vil la

Pwopriyetè kay yo p ap emèt vyolasyon pou domaj twotwa pye bwa Vil la yo lakoz ankò. Vil la ap akselerepwogram reparasyon twotwa anba pye bwa yo tou (<https://www.nycgovparks.org/services/forestry/trees-sidewalks-program>) pou abòde 5,550 sit priyorite pandan twa lane k ap vini yo.

Manm Asanble Alicia Hyndman, te di: « Deklarasyon mwen nan Nòt pou Laprès la se sa: « Vyolasyon pwopriyetè kay yo pou domaj twotwa Pye Bwa Vil la lakoz, te yon gwo chaj pou pote. Pwopriyetè kay nan 29yèm Asanble distri a ap kontan pou konnen ke yo p ap enpoze vyolasyon sou yo ankò pou pwopriyete vil la e y ap revize vyolasyon ki egziste yo. Mèsi Majistra De Blasio, Oratè Heastie ak DOT pou dilijans nou ak travay di nou ».